Bhaibheri re vana

Rinokupai

MuSamariya akanaka



Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: M. Maillot; Lazarus
Rakatorwa na: Ruth Klassen; Sarah S.

Alastair Paterson

Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

"Mudzidzisi! Ndingaita sei kuti ndiwane upenyu husingapere?" Murume akabvunza mubvunzo uyu aiva gweta, aiedza kunyengedza Jesu.
"Ko murairo waMwari unoti kudii?"

Jesu akapindura.
"Ida Mwari
nemuvakidzani wako,"
akapindura murume uyu,
"Ko muvakidzani
wangu ndiani?"

Kupindura mubvunzo wemurume uyu, Jesu vakataura nyaya yemurume aifamba panzira yekubva kuJerusalem kuenda kuJericho. Murume uyu akarohwa nematsotsi.

Mbavha dzakaba zvose zvadzakakwanisa kuwana kunyangwe nembatya dzemufambi uyu.

Dzakamukuvadza zvakanyanya dzikamusiya kuti afe ari parutiwi rwenzira.



Sezvineiwo pakapfuura mumwe muprisita. Zvokwadi aizobatsira murume akakuvara uyu.

Kwete! Paakaona murume uyu achibuda ropa, akabva apfuura nerimwe divi renzira.

Nenguva isipi maungira etsoka akaratidza kuti pane mumwe munhu aive osvika. Aiva muRevhi, munhu aibatsira vaPrisita mutemberi.

Akaenda akanodongorera murume wekukuvara uya, ndokubva apfuura asina kumubatsira.

Pakupedzisira pakauya muSamariya.
MaJudha aivenga maSamariya.

Vanhu vaiva vakateera Jesu achitaura nyaya yake havana kumbofungidzira kuti muSamaria ndiye aizova munhu akanaka. Asi akanga akanaka. MuSamaria aiva nehanya, akamira akabatsira.

MuSamaria
akapfugama, akaisa
mushonga zvakanaka
nemabhandeji
pazvironda zvemunhu
uyu waaisaziva.
Akasimudza murume
uya ndokumuisa
padhongi rake.

MuSamaria akachengeta
murume uya usiku hwose paimba
yekuzororera
yaiva munzira.



Mangwanani akabhadhara muridzi wemba yekuzororera kuti agochengeta mufambi uya kusvika avakunzwa zvakanaka.

Nyaya yapera Jesu akabvunza,
“Ndiani akava muvakidzani
kumurume wekukuvara?”



Gweta rakapindura, “MuSamaria ndiye akava muvakidzani akaratidza tsitsi”.

“Enda, unoita saizvozvo,”
Jesu akapindura. Muvakidzani
munhu chero ari
kuda kubatsirwa.
Tinogona kuratidza
rudo nekubatsira
vanhu vanoda
kubatsirwa. Izvi
zvinofadza Mwari.

MuSamariya akanaka

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Luke 10

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16